

FILOZOFI VIV ANSANM

Ayisyen toupatou, bò isit, kou lòtbòdlo, nan tout kategori ak nan tout klas sosyal, nou konnen, nou konstate, nou wè ak de grenn je-n . Apre desanjan endepandans, pa gen endepandans. Apre anpil tan anba diktati, diktati pa fini. Libète, Egalite, Fratènite se mo vid ki pa gen chè sou yo.

Kit ou se malere k'ap viv nan bidonvil, kit ou se etidyan ki pa gen avni, kit ou se pwofesyonèl k'ap travay nan move kondisyon, kit ou se ouvriye ki pa ka bay pitit li manje, kit ou se komèsan bòdmè k'ap viv nan ensekirite, kit ou se ti machann anba lavil k'ap vann nan mitan pil fatra, kit ou se peyizan k'ap bat dlo pou fè bè, peyizan ki vin chèche lavi nan kapital, kit ou se atizan k'ap vejete, kit ou se anplwaye oubyen pwopriyete biznis ki fè fayit, kit ou se chomè. Nou tout rive nan youn kalfou kote nou dwe deside kisa n'ap fè pou Ayiti, kisa n'ap fè ansanm pou sove Ayiti nou an. Vle pa vle n'ap viv anndan youn menm peyi. Vle pa vle nou sou yon bato ka pran dlo.

Menmjan Desalin te kontre ak Petyon, esklav te kontre ak afranchi, pou chèche Libète. Lè-a rive pou n'fè youn lòt inyon.

2006 fè plis pase desan lane nou nan chirepit. Li lè, li tan pou n' retire malè pandye sa-a ki sou tèt nou depi 1806. Tout sa k't'ap goumen. Tout sa k'genyen, tout sa k'pèdi. Tout sa k'pran kou, tout sa k't'ap remèt kou. Nou kwè se youn devwa, se menm youn nesessite, pou n'rekoud ansanm drapo nou an, pou nou fè lapè, pou nou VIV ANSANM. Nou pa fou. Nou pa pran lalin pou fwomaj. Nou konnen nou tout pa gen menm enterè. Nou konnen nou tout pa vle menm bagay. Men nou kwè linyon toujou posib. Linyon pou n'ka tounen youn lòt fwa ankò yon sèl pèp nan youn sèl Peyi, youn pèp lib nan youn Peyi lib.

Sòti 7 Fevriye 1986 pase 7 Fevriye 1990 rive 7 Fevriye 2006, ventan apre ekzakteman, pèp Ayisyen montre li pa vle divizyon ankò. Li pa vle laperèz ankò. Li pare pou Demokrasi. Li pare pou fè Lapè. Li pare pou fè mirak pou Ayiti ka bèl. Pou lavi chè desann, pou tout bouch ka manje, pou koripsyon kaba nan leta, pou lajan sikile, pou lajan envesti, pou plis mounn ka travay pou plis mounn konn li ak ekri, pou plis mounn gen lasante. Pou nou tout ka VIV ANSANM.

Gen mounn ki kwè youn Prezidan poukont li ka chanje youn peyi. Gen lòt ki kanpe nan lopozisyon, genyen ki met konfyans yo nan ONG, nan sosyete sivil, nan òganizasyon, nan laprès, nan legliz, nan pati politik. Nou di tout mounn sa yo; Li posib jounen jodi-a pou n' antann nou sou tout bagay ki enpòtan pou avni peyi n. Li posib pou nou VIV ANSANM.

VIV ANSANM se youn nan kondisyon pou garanti SOLIDARITE, SEKIRITE ak DEVLOPMAN anndan sosyete-a. Nou pran kòm bousòl manman lwa peyi-a. Malgre feblès nou jwenn nan konstitisyon 1987-la ki merite koreksyon. Li gen bon bagay andann. Li mande n'bati youn peyi kote tout mounn egal ego devan lalwa, youn peyi demokratik, youn peyi ki granmounn tèt li, youn peyi desantralize.

Se pou tèt sa, nou ankouraje tout Oganizasyon, Gwoup oswa mounn ki gen bon volonte. Rasanble, reflechi, fè sèvo yo travay pou pwopoze solisyon, pou pran rezolisyon rezoud tout bon, pwoblèm k'ap kraze peyi nou an. Ak tout Mounn, pou tout Mounn. Se linyon ki pou ban-n Fòs.

Avril 2006

Sant Obsevasyon Sitwayen"

<santobsevasonsitwayen@yahoo.ca>

Dokiman sou viv ansanm

Emile(milo)JN Baptiste

KREMAS MAPOU SE DYÒL-LOULOU
DISTRIBITÈ ESKLIZIF: LIBRERI MAPOU
5919 NE 2nd Av. Miami 305-757-9922

LEGLIZ KATOLIK

<<NOTRE-DAME D'HAITI>>

MANDE SIPÒ NOU

Nou te youn douzenn konsa. Nou te chita nan sal pawasyal Legliz Notre-Dame D'Haiti ki nan Miyami-an. Deyò-a, youn ti lapli t'ap yenyenyenyen detanzantan. Nou santi nou te jennen. Apa Island TV, Bibil tanbou, Marleine Bastien ak 2-3 lòt animatè pwogram radyo; okenn direktè, pwopriyete radyo, televizyon ak laprès ekri te la. Yo tout te envite. Te gen 4 tab byen abiye, kouvè ranje pou 40-50 mounn. Anfas, youn bon ti diripwafrans ak pwason gwodsèl t'ap fè-n siyon, t'ap chatouye twou nen nou. Detanzantan youn mounn bay youn blag ki penmèt silans lawonte-a eklate ak youn ri ki pa ri. Youn silans lou. Youn silans kontraryete.

Wi, nou t'ap poze tèt nou kesyon pouki envitasyon voye bay lidè laprès nan kominote-a epi apenn si te gen youn ponyen ki te reponn. Li te 8-è diswa lè finalman *Jean Souffrant* remèsye nou pou prezans nou. Raymond Elie mande Bondye pou beni ti rankont lan; apre sa, Kire Reginald Jean-Marie pran mikwofòn nan pou li di objektif envitasyon-an. Ak youn vwa fèm, nan youn langaj klè kou dlo ti sous, nan youn maryaj 2 lanng, Angle-Kreyòl, Pè Jean-Marie raple nou wòl legliz ak wòl laprès se senkant-kòb ak degouden. Misyon yo sanble Monpè di. Legliz chita sou verite. Legliz pa ka bay manti. Legliz pa ka trennen fidèl li yo nan move chemen.

<<Si chak dimanch 4 a 5 mil mounn ap koute-m, mwen oblije respekte yo, mwen dwe di yo laverite. Se menm bagay tou pou jounalis yo. Youn jounalis se atizan lapè ak lanmou. Li toujou ap bouske laverite pou edike mounn k'ap li, gade osnon koutel. Pou youn sosyete devlope, li bezwen legliz ak laprès ki chita sou laverite ki bay disiplin e konpreyansyon youn-lòt>>.

Kidonk, Monpè di Laprès tankou Legliz s'oun nesessite nan youn kominote pou pase mesaj verite-a. Pè *Reginald* rakonte istwa Legliz *Notre-Dame* ki se te premye refij refijye ayisyen yo nan ane 80 yo. Se te youn koulwa, youn depo, youn ansyen lekòl pou jenn fi ki vin konvèti an Legliz pou pèp Bondye-a ki t'ap sove kite diktati Divalye yo rantrè isit nan kondisyon nou tout konnen. Jodi-a Monpè di, Legliz sa-a pa kapab ankò. Fanmiy lan grandi. Laj afekte tout estrikti bilding nan. Li twò jis, klimatizè pa mache; anfen-anfen tan yè pa tan jodi; lè-a rive pou vizaj *Notre-Dame* chanje. Pè *Reginald* di depi kèktan li lanse youn pwogram pou youn Katedral. Li fè ti kèt, ti kanpay ranmase lajan pasi-pala. Li bezwen plis pase youn milyon dola pou Achidyosèz la kab pote lòt mwatye-a pou bati youn Katedral wololoy nan *Little Haiti* pou *Notre-Dame*. <<Ak youn Katedral, n'ap kenbe idantite *Little Haiti* zòt bezwen efase sou kat Miyami-an. Zòt ap fè demach pou yo achte bout tè-a. Zòt ap fè gwo konbinezon pou yo oltègèt nou nan *Little Haiti*>>. Pè *Reginald* sèman sèt fwa swasandisètfwa-sèt fwa, sa pa p' fèt toutan li la... Li ak fidèl yo va pran pankat yo, kanpe ankwa pase pou yo ta pèdi Legliz *Notre-Dame*.

Monpè konfye nou li di, li prèske ranmase youn milyon dola li te bezwen pou Achidyosèz la vini ap pòsyon pa-l pou Katedral la derape. Li manke \$125.000 pou l'rive satisfè rev kominote-a. Li mande pou nou pote kole vit-e-prese. Li mande pou laprès ba-l youn kout men nan travay mobilizasyon-an. Pè *Reginald Jean-Marie* mande sipò nou, sipò tout pitit Bondye kèlkilanswa legliz l'ap mache. S'oun sèl Bondye. Youn sèl Kominote!

Rele Kire Legliz Notre-Dame nan Father: Reginald Jean-Marie nan 305-751-6289 oubyen voye kontribisyon-nou nan 110 NE 62nd Street, Miami, FL 33138.

Jan Mapou

KONSYANS MORAL

AK JEAN JULIEN *

ENTWODIKSYON

Sa konsyans moral la ye? Konsyans moral se kapasite yon mounn *nòmal* genyen ki pèmèt li distenge ant sa ki byen e sa ki mal. Konsyans Moral youn mounn chita sou plizyè faktè. Li depann espesyalman de edikasyon mounn sa resevwa nan fanmi l, edikasyon-l resevwa lekòl, de zanmi l'genyen, de mounn li frekante, de mès, koutim, epòk e lwa ki reji peyi kote l'ap viv la.

Konsyans moral, kòm deja w'kapab wè, se gwo fòs sa ki anndan-w e ki la pou mete-w fasafas ak responsablite-w e dikte-w sa ki kòrèk, sa ou dwe fè :

I - vizavi pwòp tèt pa-w ; II - vizavi fanmi-w III - vizavi lasosyete; ak IV - vizavi peyi-a.

KONSYANS MORAL VIZAVI PWÒP TÈT PA-W

Tou dabò fòk ou gen konsyans moral vizavi ou menm, vizavi pwòp tèt pa-w. Eseye reyalize youn nan pi gran byen ou genyen se kò-w. E nan pwen anyen tankou youn kò ki an bon sante. Poutèsa, li nesessè pou pran bon swen kò w.

Kouman sa ka fèt?

1.- Kòmans tou dabò pa pratike liyèn. Fòk ou toujou pwòp. Pa mache sal sou mounn. Benyen, lave kò-w e bwose dan-ou chak jou. Atik tankou chemizèt, kalson, chòsèt, kilòt elatriye, ou dwe chanje yo byen souvan. Sonje syè ansanm ak kras kò-w ka fè-w vin santi fò tankou bouk kabrit e enkomode tout mounn ki pwoche pre-w. Toujou lave men ou ak savon apre ou fin manyen youn bagay ki sal.

2.- Fòk ou toujou siveye tou sa w'ap manje. Pa tonbe boure trip ou ak anpil manje. Toujou manje avèk mezi, paske si ou manje twòp, w'ap vin twò gwo. Gwosè se youn maladi e se youn move maladi ki ka ba-w anpil pwoblèm sante. Paske lè ou twò gwo ou vin mete twòp pwa sou jenou-w sa ka anpeche-w mache, anpeche-w kouri e menm anpeche-w kanpe. Ka-w ka vin tèlman grav ou pral oblije al lopital pou al fè gwo operasyon. Anplisdesa, paske ou twò gwo, nenpòt ki ti mouvman ka fè-w vin anlè, fè-w respire mal, fè-w pèdi souf, kè-w pran bat fò e sa ka lakòz ou mouri anvan lè.

Pakont, si ou pa manje, w'ap vin twò mèg. Lè sa ou ka tounen youn ti **chesko-banza* + ankò se youn lòt maladi. Li nesessè pou swiv youn rejim ki byen balanse. Pou sa, fòk ou manje anpil fèy, anpil fwit, anpil legim vèt ki fre, manje ze, manje pwason, manje grenn tankou pistach, tankou nwa. Li toujou rekòmande pou bwè dlo, bwè ji e bwè lèt.

3.- Evite manje twòp grès. Pa tonbe manje anpil griyo, anpil vyann bèf, de vyann sa yo lè ou manje yo twòp se lenmi yo ye pou lasante. Nou, Ayisyen, lè n'ap fè manje nou toujou sèvi avèk anpil grès, anpil zepis pou n'bay manje-a gou. Lè wou fin fè manje-a al gade nan fon chodyè-a w'a wè manje ou sòt fè-a, se naje-l t'ap naje nan grès. Anpil nan grès sa yo se pwazon yo ye. Lè ou manje jan de grès sa yo, yo ka vin kaye anndan ou e lakòz kolestewòl anvayi ni bouch ni tout trip ou. Kòm ou sanse konnen, kolestewòl se youn mòve maladi. Li k'ap lakòz fasilman ou pike youn kriz kadyak. Kidonk, fòk ou evite manje twòp grès.

4 - Pa bwè twòp alkòl. Si jamè nan youn sikonstans ou blije bwè, pa bwè pou sou, paske lè w'ap bwè, gen youn lè ou reyalize, ou rive nan bout ou. Gen youn dènye gwòg si jamè ou bwè-l, ou konnen ou pral sou. Si lè sa ou pa kanpe, sa la kòz chak fwa ou sou se w'ki vle sou paske ou toujou konnen davans dènye gwòg la si ou bwè- l, ou pral sou. Sonje byen lè youn mounn sou li pèdi tout kontwòl. Lè sa, li ka renmèt nenpòt ki vye bagay, konmèt anpil betiz, anpil dezagreman.

Anplis de sa, alkòl bay youn move maladi ki rele siwòs-di-fwa. Maladi sa ka lakòz lestòmak ou vin anfle, e l'ka pwovoke youn emoraji entèn, ki vle di fè san ou gaye e anvayi tout andann-w.

Pa fimen sigarèt, pa fimen siga, pa fimen pip, pa chike tabak paske lasyans dekouvri tabak bay kansè nan lanng, kansè nan jansiv, kansè nan gòj, kansè nan poumon. Pa pran dwòg. Dwòg la ka demantibilite tout anndan ou e fè-w vin deng-deng

Pou rete anbon sante, ou fèt pou kontwole tou sa w'ap mete nan bouch ou, tou sa w'ap manje, tou sa w'ap bwè paske tou sa m'ansyonnen anvan yo, se youn kòlonn dezagreman yo ye e yo ka lakòz ou mouri anvan lè. ASUIV

* Jean Julien

**MARATONN POU N'VOYE
GEPSE METELLUS
MONTE NAN SCHOOL BOARD
DIMANCH 16 JIYÈ TOUTJOUNEN NAN
LIBRERI MAPOU 5919 NE 2ND AV. MIAMI.**